# NYIKA PASINA

# KRITSU?

NaBetty Burton Choate



# Nyika Pasina Kritsu

**NaBetty Burton Choate**

Akazvarwa mumakore anosvika kana kudari zviuru zviviri mumakore akapfuura mukaguta kadiki kaiwe MuIsraeri. Vabereki vake vaive varombo, zvakare vasina rutsigiro rwezvematongerwo enyika chinowa chinhu chaikwanisa kusimudzira nekuvhura nzira yemwana vavo. Ainge asina yunivhesiti yaakaenda. Vatedzeri vake vaingovavo vanhuvozvake. Mushure memakore matatu ekudzidzisa kwake mashoko Ake kunyanya kuruzhinji raimutevera, akaita kuti Asungwe, nokuedzwa, achipomerwa mhosva yekuzviita Mwanakomana vaMwari - ndokusvika pakuroverwa pamichinjiko.

## Nyika yevaHedheni

Kunyangwe, "mitemo yaMosisi" iyo yakapiwa naMwari kuzvizvarwa zvaAbrahamu mutemo yainge yakapararira muIsraeri, kuitirwa kwevanhu mutsa ndiku kwainge kuchirarama panguva iyoyo kubudikidza nekunamata kwechihedheni. Zvino Kritsu akazvarwa munyika yainge yakaitasei?

## Chitendero

Sezvo chaiva chokwadhi, kuti nyika yakange yakazadzwa nehutungamiri vezvitendero-zvaiva zvitendero zvenhema, munguva iyoyo. Zvinosanganisira chitendero chechi Giriki, Roma, Hindu, Mayan, Inca uye nezvimwe zvitendero zvaibva mukuvabwa mukunamatwa kwezvifananidzo, izvo zvaifambidzana nokutenda kuzvinhu zvakavanzika zvainge zviine kuitwa kwemashiripiti mazviri. Zvinosanganisira tsika dzekuita zvipiriso zvevanhu, zvitendero zvehupombwe, nekutambudzwa kwevanhu vaizopihwa kune zvimwari zvavo zvainge zviri zvinhu zvakadyairika. Vanamai kuIndia vanokanda vana vavo mumarwizi aidanwa kunzi "marwizi matsvene" mukupa rukudzo kuzvimwari zvavo. Vapirisita vechiMayan vanodzura moyo vemunhu mupenyu mukuita zvipiriso zvavo.

## Vanano

Vanasikana vanotengeswa kuvanano namadzibaba avo. Murume anekonzero yekuva pamusoro pehupenyu vemukadzi vake pazvinhu zvose, kana kodzero yekumuuraya. Anokwanisa kumuramba paanenge anzwa kuda kumuramba asi mukadzi haakwanise, haatenderwe kuramba murume. Vakadzi mutsika zhinji havatenderwe kugara nhaka yehupfumi, kutaura paruzhinji, uye havana kodzero yekupfurikidza zvinotenderwa nemadzibaba avo kana varume vavo.

### Vana

Kubviswa kwepamuviri hachisi chino chinoonekwa sechakashata kuGreece, Rome, India, China nekuchikamu chepakati chenyika dzekumadokero, uko kwaiitwa kuuraiwa kwevana vana vanenge vasingadikanwe: vasikana, vana vacheche vasine simba, vana vacheche vasina kusvika. Vanababa (kana vabereki) vaindosarudza "kundosiya" vana vacheche kuti vandonofire muzvimbo dzavanenge vavasiya kana kudyiwa nemhuka dzesango kana kufa nenzara. Mukudzidza kwezvinyorwa zvinoti mhuri dzinosvika kana kudarika mazana matanhatu munedzimwe nguva dzemunhoroondo yekuRoma inoratidza kuti pesendi imwechete maizvarwa mwanasikana anodarika mumwechete. Uto rinenge risipo riri kuhondo kana mwana varo akazvarwa, ainyorera tsamba kumukadzi vake kuti kana mwana ari mukomana aifanirwa kuchengetwa asi kana achinge ari musikana aifanirwa kumuuraya. Zvakare pahupenyu hwemwana, baba ndivo vane simba rekufa kwake.

### Kutsaurwa kwehupenyu

Pesendi hombe yehuwandu hwevanhu yainge iri yevaranda kana vatapwa. Avo vaiva nemasimba vaiuraya pavanenge wadira. Vatongi vaiuraya vamwe vemumhuri kana munhu anoita zvematongerwo enyika kana vachinge vangofungira kuti haana kuvimbika kuhutongi huripo. Vanhu vazhinji vaifa vachirwa sevaranda mukufadza vanhu mumakungano mazhinji ehushingi airwisaniswa vanhu mukufadza vanhu mumakungano.

### Mabasa Ehunzenza

Upfeve nehupombwe ndezvimwe zvizvinhu zvaisarambidzwa kuvarume, asi

zvikavanikwa kuvakadzi mutongo vacho rainge riri rufu. Ungochani wevarume nevakadzi, kuitwa kwebonde vanhu vakaungana, kuitwa kwebonde pakati pevanhu vakuru nevana vadiki. Kuitwa kweuipi hwakatsveyama uyu kwaiitwa kwaitova nemifananidzo yaikurudzira kuitwa kwemabasa aya mudzimba dzavo.

## Kutonga Kwemutemo

"Mutemo" vaingova zvavafunga kunzi uwe nemasimba aitonga. Kwainge kusina "konzero dzevanhu" dzatingati dzakarurama dzaitevedzerwa.

## Simba RaKritsu

Rainge risingaonekwe zvakanyanya pakutanga, asi mukufamba kwenguva nekuda kweivhangeri, dzidziso dzekuroverwa kweMurume kwakatanga kupinda muvanhu kuchipa shanduro. Hunhu wakanaka kusimbiswa kwakasimba pamusoro pe"zvakanaka" nezvakashata, nechokwadi chemirayiro yaMwari yakarairwa muZvinyorwa, pakawa nekugadziriswa kwemitemo munyika dzaitungamirwa nemaKritsu mukutenda kwadzo. Kunyangwe kunyika dzichiri kukoshesa kunamatwa kwezviumbwa. Vakaramba vakasimba pakuita zvifananidzo, vakasvika pakutsigira mutemo yechiKritsu kusimbisa konzero dzevanhu vavo. Hazvichasi pamutemo kuti shirikadzi yekuIndia isvike pakupiswa parufu rwemurume vayo, kunyangwe hazvo nyika ichine 85% yevanhu vechiHindu. Vanababa havachauraye vana vavo pavanenge vadhira. Kuisa munhu kuuranda yave mhosva. Shoko raMwari kwese kwarinenge raenda, rinesimba rekusiya hupenyu hwashandurwa nekuchengetedzwa kubudikidza nokuteererwa kwaro.

## Asi chii chinoitika.........?

Mukuvedzera, mumafungiro edu, mumakore anemazana akapfuura, vatendi vanotenda kuti Mwari haako kana kuva nechinhu chinganzi mwari zvachose chinganamatwa uye nemamwe masimba aivakurudzira kuramba Mwari pakati pavo. Kubviswa kwepamuviri ndezvimwe zvezvinhu zvakanyanya kuitwa kare.  Zvakawe "pamutemo" kubvisa kwepamuviri panenge pasingadikanwe, zvakasakisa kuti vanhu vanodarika  bhiriyoni rimwechete nehafu vaibvisa nhumbu munyika pasi rose mumakore makumi mana akadarika. Kuitwa kwechingochani kwevarume uye vakadzi mazuvano kwakurumbidzwa

sekungorarama mukurorana kwemurume nemurume kukunda kurorana kwemukadzi nemurume. "Kurarama mukati" mezvinhu zvakaita sehupombwe, chipfeve, nekurambana hazvichanyadzise zvavakunzi zvakuitwa pamutemo. Kuitwa kwemabasa epabonde vanhu vari zvipoka, kuitwa kwebonde nepwere uye kuitwa kwepabonde nemhuka kwavakuitwa mumadiro "vanoita vachiti hakuna anoona zvinoitwa kana vakazvivharira mumasuwo avo". Tinoziva here kuti chii chinoitika? Kana ruchengeto rwekutanga rwaKritsu rwakakanganiswa neizvi zvatinodana kuti "kufambidzana nenguva" kwenyika, tinoona nyika ichidzokera mukuipa kwenguva dzakadarika. Ndiyo here nyika yatingade kugara mairi?

Hatifanirwe kufamba munzira dzakadai kuti tikwanise kuzoziva kuti magumo anenge akamirasei. Tinoona kushanduka kwakanyanya kurikuitika, tikazvitarisa chimwe nechimwe tinoona kuti mararamiro anodikanwa naMwari ari kurashwa. Uye tinofanirwa kucherechedza munyika yatiri nenyika zvayaiva Kritsu asati auya muvanhu. Zvisina fungidziro ndiyo nyika yatiri kuzvigadzirira kana tichinge tatendera kuitwa kwezvinhu izvi kuti zvirambe zvichiitika.

*"Vupenyu bwaiva maari: vupenyu bwaiva chiedza chavanhu......*"(Johan 1:4). Tinoda here kudzokera kunyika yerima, isina Kritsu? Ruzhinji rwevanhu runoda kupihwa chenjedzo: **akauya kamwechete kuzopa hupenyu nechokwadhi. Kunyangwe paachauyazve.**